



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 120,000 DOLA NAN FON LETA POU ASIRE SÈVIS BIS KI PA ENTÈWONP PANDAN WIKENN YO NAN JONES BEACH**

***Yo Te Planifye Anvan sa pou Mete Fen nan Sèvis pandan Wikenn yo Apre Jounen Memoryal la epi Rekòmanse nan Fen Mwa Jen***

***Finansman an Ap Pwolonje Sèvis yo Apre Jounen Travay la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te alwe 120,000 dola nan fon leta yo pou asire ke Nassau Inter-County Express (NICE) ka ofri sèvis bis ki pa entèwonp pandan wikenn yo nan Pak Eta Jones Beach pandan tout mwa Jen an, ansanm ak soti depi nan Jounen Travay la (Labor Day) rive jiska nan mitan mwa Septanm. Sèvis pandan wikenn yo ke Bis NICE yo te bay te inisyalman pwograme pou fini apre Jounen Memoryal la (Memorial Day) epi rekòmanse nan dat 22 Jen, lè sèvis yo ap kòmanse kontinye chak jou jiska Jounen Travay la. Sou enstwiksyon Gouvènè a, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT), Empire State Development ak Konte Nassau a te rive jwenn yon solisyon pou asire ke yo pa ta pral gen entèripsyon nan sèvis wikenn yo, ansanm ak sèvis ki pwolonje pandan wikenn yo apre Jounen Travay la pou rive nan dat 15 Septanm.

"Pak Eta Jones Beach se youn nan destinasyon ki pi popilè epi pi presye ke nou genyen nan Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Si pak lan ouvri, li ta dwe aksesib san entèripsyon nan transpò ke vizitè yo konte sou yo pou yo ka ale ladan. Sèvis bis wikenn yo nan Jones Beach esansyèl pou vizitè yo ansanm ak ekonomi Long Island lokal la ki depann anpil sou sektè touristik la."

Sèvis Bis NICE lan pral bay sèvis pandan wikenn yo soti Samdi 25 Me rive Dimanch 15 Septanm. Sèvis soti Lendi rive Vandredi yo, ki ap kòmanse nan Lendi 24 Jen epi kontinye rive Vandredi 30 Dawout, pral pandan chak èdtan, y'ap pati soti Freeport 30 minit apre lè a epi pati soti nan plaj la 55 minit apre lè a. Sèvis Samdi ak Dimanch yo pral fèt chak mwatye èdtan, ak sèvis adisyonèl jan sa nesesè, y'ap kite Freeport chak èdtan e demi, epi y'ap pati soti nan plaj la 25 ak 55 minit apre lè a.

Sèvis bis yo pral kòmanse nan Freeport a 8:30 a.m. epi dènye bis lan pral pati soti nan Jones Beach a 8:55 p.m. Yon tikè NICE ale retou nan Jones Beach soti depi nan estasyon LIRR Freeport lan li koute 5.50 dola. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

Yo estime kantite vwayaj estival yo a 33,000 ak 16,000 vwayajè pandan semèn nan ki pral benefisye de sèvis sa ki retabli an.

Ak yon estimasyon 4 milyon vizitè nan Jones Beach ant Jounen Memoryal ak Jounen Travay la, sèvis NICE lan te pwouve ke li se yon fason efikas epi san estrès pou ale sou plaj ak pak eta yo.

**Komisè Pwovizwa Pak Eta New York yo Erik Kulleseid te deklare,** "Pak eta nou yo se destinasyon estival prensipal ak motè ekonomik pou kominote lokal yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li ap asire ke vizitè yo ka planifye vwayaj yo nan Jones Beach san yo pa enkyete yo pou entèripsyon yo nan sèvis bis yo".

**Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York la Marie Therese Dominguez te deklare,** "Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, yo ap retabli sèvis transpò piblik krisyal yo pou ale nan Pak Eta Jones Beach ki gen sab blan epi ki selèb nan mond lan. Sipò san parèy Eta a pou rezo transpò piblik Long Island yo ap asire ke rejyon an rete konpetitif sou plan ekonomik nan fasilite touris epi ranfòse opòtinite anplwa yo".

**Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare,** "Kominote lokal nou an nan Jones Beach ap akeyi plizyè milye vizitè chak sezon ete epi pou nou chak jou konte. Lè nou gen sèvis bis jounalye yo pou ale nan pak la pandan sezon pwolonje a se yon kado pou biznis lokal nou yo ki depann sou sektè touristik la. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt li te fè investisman sa a".

Depi 2011, Pak Eta yo te angaje plis pase 65 milyon dola jiska 2020 nan pwojè pou restore grandè istorik Pak Eta Jones Beach, atire nouvo vizitè epi kreye nouvo etablisman rekreatif yo nan kad yon plan revitalizasyon sou plizyè ane. Pwojè yo gen ladan yo:

### **Sant Edikasyon Enèji ak Lanati**

Sant laniti ki koute 18 milyon dola sa a ki aktyèlman an konstwiksyon pral pwomouvwa konsèvasyon ak dirabilite enèjetik. Atravè yon patenerya piblik-privè avèk PSEG Long Island, Otorite Enèji Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA), Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak donatè privè yo, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) pral konstwi yon etablisman entèaktif pou ankouraje vizitè ki gen tout laj vin tounen bon pwotektè anviwònman an ak konsomatè enèji entèlijan. Pak Eta a yo pral deziyen tou Ekstremite Lwès pak lan kòm yon Zòn Prezèvasyon Pak pou ranfòse pwoteksyon abita maritim kotyè konsiderab li yo.

### **Boardwalk Café**

Restoran sa a ki mezire 7,700 pye kare, ki koute 20 milyon dola, ki ap ofri yon konsèp sal dine ki ouvri epi ki ayere nan tip Market Hall ak twati espesyal ki gen traksyon, te ouvri an Jen 2018 epi retounen pote manje ak bwason nan Central Mall lan ki te absan depi 2004, lè yo te fin demoli ansyen konstwiksyon an akòz pwoblèm estriktirèl yo. Yo te konstwi batiman an pou estanda ouragan yo epi li 20 pye pi wo pase nivo lanmè a. Li gen ladan tou 75,000 pye kare bwa Ip Brezilyen yo. Bwa solid twopikal sa a rezistan anpil kont degradasyon epi ka dire pandan jiska 100 an, sa ki fè li se yon materyèl ki ideyal pou twotwa yo. Kafè a jere pa Centerplate, ki se yon konsesyonè ki ap ofri sèvis ospitalite yo nan pak lan.

## **Restorasyon Sal Douch Piblik 1931 West lan**

Restorasyon batiman istorik sa a ki koute 16 milyon dola nan karaktè ane 1930 yo te gen ladan divès amelyorasyon ekstèn ak entèn yo, ki gen ladan enstalasyon fenèt yo pou koresponn ak aparans Art Deco orijinal batiman an, reparasyon masònri, ranplasman platfòm pisin nan, epi repare sistèm filtrasyon pisin nan. Yo te renove espas enteryè nan premye etaj lan pou retounen etabli koneksyon ayere ki ouvri a ki ant pisin lan ak twotwa ki te fè pati konsèp orijinal la. Travay lan te gen ladan reyouvèti bè dlo santral yo pou rekonekte vizyèl la ak sikilasyon soti nan pisin yo pou ale nan plaj la. Yo te renove Sal Dine Marin ki nan dezyèm etaj la ki gen reyònman ekleraj ki eskilpte yo - sa ki ap ofri sèvis manje midi ak soupe chak jou ak pla manje nan wikenn - pou ofri espas ke yo ka lwe pou maryaj yo, pwomosyon yo ak lòt aktivite pou gwoup moun yo.

## **Amelyorasyon Adisyonèl yo**

Kòm yon benefis investisman Pak Eta yo ki ap totalize plis pase 12 milyon dola, amelyorasyon adisyonèl yo nan Jones Beach te ranfòse eksperyans vizitè a epi yo te rekreye anpil fonksyon istorik pak la genyen yo. An 2015 Pak Eta yo te konplete renovasyon sal douch ki deteryore a ak zòn pou dine yo nan Batiman Konsesyon Tèren 6 lan (Field 6 Concession Building) ki te ouvri inisyalman an 1948 epi li ap bay sèvis a youn nan zòn plaj ki pi popilè yo nan pak la. An plis, yo te repare mozayik Central Mall lan, ki nan antre prensipal istorik pak la, an 2015 apre ke kondisyon metewo ak laj te lakòz kèk pati nan mozayik yo kraze epi demanbre. Mozayik yo konpoze de beton ki an adwaz epi ki tente yo ki gen deaty an kwiv yo. Sa ki pi gwo a se yon kat Long Island ki mezire 12 pye pa 32 ki gen ladan pak eta li yo. An 2015, yo te ouvri yon Zòn East Games (Jwèt Lès) ki mezire 0.6 ekta ki gen ladan amenajman nan Central Mall la ki gen tèren je palèt yo, yon tab tenis ki an beton, ak yon tèren pou petank. Nan Zòn West Games (Jwèt Lwès) ak Zach's Bay, pandan tan sa a, yo te enstale nouvo tèren pou jwe yo atan pou sezon estival 2018 lan. An plis, yo te enstale nouvo moniman nan antre prensipal la an 2017 pou akeyi moun ki pral nan pak lan sou Wout Pak Wantagh ak Wout Pak Ocean. Pano "Welcome to Jones Beach (Byenvini nan Jones Beach)" yo elabore pou koresponn ak estil "Art Deco" ki karakterize pak la, epi yo klere nan aswè ak ekleraj LED ki pa konsome anpil enèji yo. Dènye pwojè a, ki te konplete anvan dat ki te pwograme a, se Wout Miltifonksyon Jones Beach lan, ki se yon wout ki mezire 7 kilomèt ki ap konekte ak wout aktyèl yo pou bay moun ki ap mache, moun ki sou wouloket yo ak siklis yo aksè a plizyè santèn kilomèt santye, ki ap pwomouvwa transpò ekolojik nan rejyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)